

**AVI JIRIDIK ENPÒTAN SOU RÈGLEMAN REKOU
KOLEKTIF KI BAY SOU ÔDONANS TRIBINAL LAN**

Tribinal Federal Distri Sid Nouyòk lan
Qwame Thomas, et al. kont Mkruth Inc. d/b/a Amy Ruth's Restaurant, et al.
Nimewo Aksyon Sivil: 1:19-cv-01566-AJN

**Si ou te travay nan Amy Ruth's Restaurant antanke yon anplwaye ki
touche pa èdtan ki pa egzante nenpòt moman ant 21 fevriye 2013 ak 15
novanm 2019, OU GEN DWA POU RESEVWA YON PEMAN.**

- Avi sa a lye ak yon regleman ki pwopoze nan yon rekou kolektif ak yona aksyon kolektif ki pretann Amy Ruth's Restaurant ("Amy Ruth's") te vyole Lwa federal lan sou Nòm Travay Ekitab yo ("FLSA") ak Lwa Travay yo nan Nouyòk ("NYLL"). De pati yo pa dakò parapò ak si konduit Amy Ruth's lan te otorize dapre FLSA a ak NYLL lan, si Amy Ruth's ta dwe responsab dapre FLSA a ak NYLL lan parapò ak konduit sa a, e si se sa, nan ki mezi yon responsablite konsa dwe ye. Amy Ruth's demanti li te vyole lalwa nan okenn fason. Pati yo dakò pou rezoud pwosè an ak yon règleman.
- Gen yon Kolektif NYLL ki pwopoze ki gen ladan l tout anplwaye ki touche pa èdtan, ki pa egzante yo nan Amy Ruth's ant 21 fevriye 2013 ak 15 novanm 2019.
- Gen yon Kolektif FLSA ki pwopoze ki gen ladan l tout anplwaye ki touche pa èdtan, ki pa egzante yo nan Amy Ruth's ant 21 fevriye 2016 ak 15 novanm 2019.
- Ou gen dwa pou resevwa lajan dapre kondisyon yo nan Règleman sa a.

DWA JIRIDIK AK OPSYON OU YO NAN RÈGLEMAN SA A:	
Soumèt yon Fòmilè Reklamasyon	Resevwa de peman. Ou pral resevwa premye peman an, paske ou se yon manm nan Rekou Kolektif lan. Ou pral resevwa yon dezyèm peman, paske ou te soumèt yon Fòmilè Reklamasyon e ou te vin yon manm Kolektif FLSA.
Pa Fè Anyen	Resevwa yon peman. Ou ap resevwa yon peman si ou pa fè anyen, paske ou se yon manm nan Rekou Kolektif lan.
Retire Tèt Ou	Resevwa zewo peman. Sa se sèl opsyon ki pèmèt ou pou patisipe nan nenpòt lòt pousuit oswa aksyon jiridik kont Amy Ruth's ki anrapò ak nenpòt epi tout reklamasyon Antant Règleman an ta p sinon dechaje <i>Gade Seksyon 10. Kijan pou mwen soti nan Règleman an? pou retire tèt ou anba.</i>

Fè objkesyon	Ekri Tribinal lan apwopo rezon ou fè objekstyon ak Règleman an. <i>Gade Fè Objkesyon ak Règleman an pi ba.</i>
Ale nan Odyans lan	Mande pou pale nan Tribinal lan sou ekite Règleman an.

- Dwa ak opsyon ou yo—epi delè pou egzèse yo—jwenn esplikasyon nan Avi sa a.
- Tribinal lan toujou blije decide si yo ap apwouve Règleman sa a ou pa, sa ki gendwa pran ti tan.

Enfòmasyon Debaz

1. Poukisa mwen te jwenn Avi sa a?

Ou ap resevwa Avi sa a paske dosye Amy Ruth's yo endike ou te travay antanke yon anplwaye ki touche pa èdtan, ki pa egzante yon epòk ant 21 fevriye 2013 ak 15 novanm 2019. Parapò ak sa, ou gendwa pou ou jwenn jiska de peman.

Avi sa a Tribinal Otorize an te distribiye, paske manm Kolektif NYLL ak FLSA yo gen dwa pou enfòmè apwopo yon règleman ki pwopoze kote yo se manm gwoup lan e yo ka vin manm kolektif lè yo soumèt yon Fòmilè Reklamasyon anvan Tribinal lan decide si pou l apwouve Règleman an ou pa. Si Tribinal lan apwouve Règleman an, men apre objkesyon oswa kontestasyon ki lye ak Règleman sa a yo rezoud, manm Kolektif NYLL ak/oswa Kolektif FLSA yo pral resevwa avantaj apati Règleman an.

Avi sa a esplike pousuit lan, Règleman an, dwa jiridik ou yo, ki avantaj ki disponib, kiyès ki kalifye pou yo e kijan pou jwenn yo. Ou gendwa gade yon kopi antye Antant Règleman an nan Sit Entènèt Règleman an www.amyruthsrestaurantsettlement.com. Avi sa a gen ladan l yon rezime Antant Règleman an.

Tribinal ki responsab dosye sa a nan Tribinal Federal Distri Sid Nouyòk lan, e yo konnen dosye an antanke *Qwame Thomas, pou kò l e nan non tout lòt moun ki la yo menm jan, kont Mekruth Inc. d/b/a Amy Ruth's Restaurant, Mitchell Mekles, David Mekles, nan konpetans ofisyèl ak endividye yo, ak Does 1-50, ki antre ladan l, nan nimewo Aksyon Sivil: 1:19- cv-01566-AJN*. Yo rele moun yo ki te entante pousuit sa a Plenyan, epi Amy Ruth's se Akize yo.

2. Apwopo kisa pousuit lan ye?

Plenyan yo pretann Amy Ruth's pa t rive peye yo tout apwentman apwopriye yo antanke anplwaye ki touche pa èdtan, ki pa egzante, kenbe dosye anbochaj sou yo ki presi, peye tout peman echlone ki apwopriye yo epi lòt vyolasyon FLSA ak NYLL lan. Baze sou akizasyon sa yo, Plenyan yo ap chèche jwenn domaj-enterè.

Amy Ruth's diskite ak tout fòs li akizasyon Plenyan yo, demanti li te vyole okenn lwa e nye tout responsablite devan Plenyan yo. Nan pousuit lan, Amy Ruth demanti akizasyon Plenyan yo e li souleve yon kantite defans parapò ak reklamasyon mete devan yo.

Tribinal lan pa detèmine si Plenyan yo oswa Amy Ruth's gen rezon oswa tò. Malgre Tribinal lan te

otorize pou yo bay Avi konsènan Règleman ki pwopoze an. Avi sa a pa eksprime opinyon Tribinal lan konsènan merit reklamasyon oswa defans chak pati yo mete devan nan pousuit lan.

3. Poukisa dosye sa a se yon rekou kolektif e yon aksyon kolektif?

Aksyon kolektif yo se pousuit kote reklamasyon ak dwa anpil moun deside nan yon sèl pwosedi. Nan yon aksyon kolektif, Repezantan Plenyan yo (*yo rele l tou*, “Repezantan Gwoup yo”) chèche mete devan reklamasyonnan non tout manm nan gwoup lan oswa gwoup yo. Nan yon rekou kolektif, moun ki gen menm reklamasyon yo jwenn menm tretman. Manm gwoup lan pa responsab endividyèlman pou depas oswa frè avoka yo, ki yo menm depann ak dezisyon tribinal lan.

Rekou Kolektif yo se pousuit dapre Lwa federal yo sou Nòm Travay Ekitab yo, kote moun otorize pou chèche reparasyon ansanm pou vyolasyon FLSA yo pretann ki rive.

4. Poukisa gen yon Règleman?

Tribinal lan pa t deside dosye an anfavè Plenyan yo oswa Akize yo. Pati yo te ankete reyalite yo ak lwa ki aplikab lan konsènan reklamasyon Plenyan yo ak defans Akize yo. Yo te atenn règleman sa a atravè patisipasyon pati yo nan yon medyasyon e atravè negosiyasyon. Repezantan Gwoup lan ak Avoka pou Kolektif Règleman an kwè Antant Règleman ki pwopoze an ekitab, rezonab, e nan pi bon enterè gwoup lan. Pati yo dakò Règleman sa a pral evite ensètitud ak depans nan litij ki pi pouse.

Kiyès Ki Nan Règleman an?

5. Kijan mwen konnen si mwen nan Gwoup Règleman NYLL lan?

Ou ap resevwa Avi sa a paske dosye Amy Ruth's yo endike ou te travay antanke yon anplwaye ki touche pa èdtan, ki pa egzante yon epòk ant 21 fevriye 2013 ak 15 novanm 2019. Si ou te travay antanke yon anplwaye ki touche pa èdtan, ki pa egzante pou Amy Ruth's nenpòt moman ant 21 fevriye 2013 ak 15 novanm 2019, ou fè pati Gwoup NYLL lan.

Si ou pa sèten parapò ak si ou se yon manm Gwoup oswa Kolektif Règleman an, ou gendwa kontakte Admistratè Règleman an pou ou konnen. Nan tout ka yo, kesyon afilyasyon an ap detèmine sou baz dosye Amy Ruth's yo.

Avantaj Règleman yo—Kisa Ou Jwenn

6. Kisa Règleman an founi?

Si ou ap resevwa Avi sa a ou gen dwa pou resevwa jiska de peman.

Yon Fon Règleman Bri ki totalize \$1,500,000.00, mwens depans administrasyon yo, frè ak depans avoka yo epi lòt depans, te etabli. Pati pa ou nan Fon Règleman an pral baze sou, *inter alia*, yon kalkil ki enplike kantite peryòd peman ou te travay pou Amy Ruth's, ki divize ak kantite total peryòd peman tout Plenyan yo te travay Amy Ruth's te idantifye yo ant 21 fevriye 2013 ak 21 novanm 2019.

Peman bay Gwoup NYLL lan ak Kolektif FLSA a depann ak apwobasyon final tribinal lan. Si nenpòt fon

règleman rete san yo pa reklame l apre 180 jou akòz chèk ki pa depoze oswa negosye, fon sa yo dwe tounen bay Amy Ruth's.

7. Kijan mwen ka jwenn yon avantaj?

Ou pa bezwen fè anyen pou resevwa peman Gwoup Aranjman ou an. Si ou retire tèt ou jan sa a dekri anba a, toutfwa, ou pa p resevwa peman Gwoup Règleman ou an.

Pou resevwa yon peman Kolektif, ou dwe voye tounen Fòmilè Reklamasyon ki nan Pake Avi sa a e ou dwe voye l nan lapòs pou pita 12 Jiyè2021. Ou gendwa soumèt yon fòmilè reklamasyon sou entènèt lè ou vizite diferan pandan travay ou nan Amy Ruth's), adrès, nimewo telefòn, adrès imèl (si sa aplikab), ak kat dènye chif nimewo Sekirite Sosyal ou. Li dwe antre tou nan sètifikasyon ou, ak risk pou lalwa pini ou si ou bay manti, tout enfòmasyon ki sou Fòmilè Reklamasyon an vre epi kòrèk. Ou gendwa voye Fòmilè Reklamasyon an bay Administratè Règleman an nan yon anvlòp si ou pito l. Si se sa, ou ap bezwen pou ou bay tenb. **Si ou pa soumèt yon Fòmilè Reklamasyon ou pa p resevwa yon peman Kolektif.**

Si ou chanje adrès ou, ou dwe avize Administratè Règleman an ak nouvo adrès ou an.

8. Kilè mwen ap resevwa peman?

Tribinal lan pral òganize yon Odyans Final sou Ekite a 11:00 am nan dat 18 Out 2021 nan Tribinal Federal Distri Sid Nouyòk lan, Thurgood Marshall U.S. Courthouse, 40 Foley Square, Courtroom 906, New York NY 10007, pou deside si pou l finalman apwouve Règleman an ou pa. Si Règleman an apwouve finalman, gendwa gen kontestasyon. Peman bay manm Gwoup Règleman an ap fèt sèlman si Règleman jwenn apwobasyon finalman e li totalman anplas. Sa gendwa pran tan, kidonk tanpri pran pasyans.

9. Kisa mwen ap abandonen pou m jwenn yon avantaj oswa rete nan gwoup lan?

Upon the Court's approval of the Settlement, all members of the NYLL Class (i.e., those who do not exclude themselves) and all FLSA Collective members (i.e., those who submitted a Claim Form), as well as their spouses, heirs, and others who may possess rights on their behalf, will fully release Amy Ruth's (and its affiliates, subsidiaries, employees, and others who may be subject to claims with respect to Amy Ruth's as specified in the Settlement Agreement) from any and all claims arising under the FLSA and/or NYLL's wage and hours laws, including claims for statutory damages and actual damages, arising out of or relating directly or indirectly in any manner whatsoever to the facts alleged in this case, or based on legal theories asserted in this case, including but not limited to any claims related directly or indirectly in any manner whatsoever to those claims raised by Plaintiffs. Dechaj sa a gen efè sou dwa ou yo gen obligasyon ladan yo poupi devan.

Pou wè tout kondisyon yo nan dechaj sa a, ki nan Antant Règleman an, tanpri vizite www.amyruthsrestaurantsettlement.com.

10. Kijan pou mwen soti nan Règleman an?

Si ou chwazi ou ou pa nan Règleman an oswa "soti" ladan l, ou pa p lye ak okenn jijman oswa lòt pwovizyon final nan pousuit lan. Ou ap kenbe nenpòt reklamasyon ou ta ka genyen kont Amy Ruth's. Pou mande pou mete ou deyò, ou dwe deklare alekri ou vle pou yo mete ou deyò nan Gwoup Règleman an. **Demann pou ou soti an dwe voye nan yon kourye priorite, tenbre pou pita 12 Jiyè2021 nan adrès:**

Amy Ruth's Settlement Administrator
c/o Settlement Services, Inc.
PO Box 10269 Tallahassee, FL 32308
Telefòn: (844) 329-0035

oswa bay

Pou: Grefye Tribinal
Distri Sid Nouyòk lan
Thurgood Marshall U.S. Courthouse
40 Foley Square
New York, NY 10007

Si demann sa a pa tenbre pou pita 12 Jiyè 2021, demann pou ou soti an ap envalid, e ou pa p lye ak kondisyon Règleman Tribinal lan apwouve yo, ansanm ak limit, jijman ki te rann finalman nan dosye an, e ou ap entèdi pou ou vin ak nepòt reklamasyon ki soti oswa lye nan okenn fason ak reklasyon yo nan dosye an ki presize nan dechaj lan ki referanse nan Paragraf 9 ki anwo an.

11. Si mwen retire tèt mwen, èske mwen ka jwenn avantaj apati Règleman sa a?

Non, ou pa p resevwa okenn avantaj apati Règleman an si ou mete tèt ou deyò. Plis toujou, amwenske ou retire tèt ou, ou abandone tout dwa ou pou ou pousuiv Amy Ruth's lajistis pou reklamasyon Règleman sa a rezoud, menm si ou pa depoze yon Fòmilè Reklamasyon.

Si ou gen yon reklamasyon oswa yon pousuit annatant, pale ak avoka ou an nan dosye sa a tousuit.

Avoka ki Repezante Ou yo

12. Èske mwen gen yon avoka nan dosye sa a?

Tribinal lan nonmen avoka ki suiv lan kòm Avoka pou Gwoup Règleman:

Benjamin D. Weisenberg, *Esq.*
The Ottinger Firm, P.C.
450 Lexington Ave. – 4th Floor
New York, New York 10017

Avoka pou Gwoup Règleman reprezante enterè Gwoup Règleman. Ou gendwa anboche pwòp avoka ou pou konseye ou, men si ou anbouche pwòp avoka ou, ou ap responsab pou peye frè avoka sa a.

13. Kijan avoka yo pral touche?

Avoka pou Gwoup Règleman an pral touche nan Fon Règleman Bri an.

14. Kiyès ki Repezantan Gwoup yo e ki konpansasyon anplis yo ap resevwa?

Tribinal lan nonmen Qwame Thomas antanke Repezantan Gwoup lan. M. Thomas te demare pousuit lan, patispe nan dekouvèt yo, epi ede Avoka pou Gwoup NYLL lan ak Kolektif FLSA nan chak etap nan pwosidè sa yo.

Fè Objeksyon ak Règleman an

15. Kijan mwen ap di Tribinal lan mwen pa renmen Règleman?

Ou ka fè objeksyon ak nenpòt aspè Règleman ki pwopoze an lè ou depoze epi bay yon objeksyon ekri. Objeksyon ekri ou an dwe gen ladan l: (1) prèw ou se yon manm Gwoup Règleman; (2) yon avi entansyon ou pou parèt nan Odyans Final sou Ekite an a 11:00 am nan dat 18 Out 2021 Tribinal Federal Distri Sid

Nouyòk lan, Thurgood Marshall U.S. Courthouse, 40 Foley Square, Courtroom 906, New York NY 10007, (3) yon deklarasyon objeksyon yo mete devan an (yo) ; (4) yon deskripsyon detaye reyalite yo ak otorite jiridik ki apiye chak objeksyon; (5) yon lis tout temwen yo gendwa rele pou temwanyen nan Odyans Final sou Ekite an, kit se fizikman, nan yon depozisyon oswa yon deklarasyon sou sèman; ak (6) yon lis nenpòt pyès, ak kopi yo, ou gendwa ofri nan Odyans Final sou Ekite an.

Ou dwe depoze nenpòt objeksyon ak Grefye Tribinal lan nan adrès ki anba a anvan 12 Jiyè2021.

Tribinal Federal Distri Sid Nouyòk lan
Thurgood Marshall U.S. Courthouse
40 Foley Square, New York NY 10007

Tanpri mansyone ak evidans:

Qwame Thomas, pou kò l e nan non tout lòt moun ki la yo menm jan, kont Mekruth Inc. d/b/a Amy Ruth's Restaurant, Mitchell Mekles, David Mekles, nan konpetans ofisyèl ak endividyè yo, ak Does 1-50, ki antre ladanl, nan nimewo Aksyon Sivil: 1:19- cv-01566-AJN

Ou dwe voye objeksyon ou an tou nan yon kourye priyorite, tenbre pou pita 12 Jiyè2021 bay Avoka Gwoup Règleman an ak avoka Amy Ruth's lan. Dokiman sa yo ta dwe voye nan lapòs bay Avoka Gwoup Règleman nan:

Benjamin Weisenberg
The Ottinger Law Firm, P.C.
450 Lexington Ave. – 4th Floor
New York, New York 10017

epi bay avoka pou
Amy Ruth's lan nan:

Ruth B. Kraft
Vigorito, Barker, Patterson,
Nichols & Porter, LLP
300 Garden City Plaza,
Suite 308
Garden City, New York 11530

Tout manm nan Gwoup Règleman ki pa depoze oswa bay yon objeksyon nan lè oswa nan fason ki dekri anwo an pa p otorize pou soulve objeksyon sa a pi devan.

16. Ki kote e kilè Tribinal lan pral deside si pou l apwouve Règleman an ou pa?

Ap gen yon Odyans Final sou Ekite pou konsidere apwobasyon Règleman ki pwopoze an a 11:00 am nan dat 18 Out 2021 nan Tribinal Federal Distri Sid Nouyòk lan, Thurgood Marshall U.S. Courthouse, 40 Foley Square, Courtroom 906, New York NY 10007. Odyans lan gendwa ranvwaye nan yon dat ki pi lwen san okenn esplikasyon anplis sou sa. Objektif odyans lan se pou detèmine ekitabibilite, rezonabilite ak adekwasyon kondisyon Règleman yo; si Reprèzantan Gwoup lan ak Avoka pou Gwoup NYLL lan ak Kolektif FLSA a reprèzante Gwoup NYLL lan ak Kolektif FLSA a nan yon fason apwopriye; epi si yo ta dwe antre yon òdonans ak jijman final ki apwouve Règleman ki pwopoze an. Tribinal lan pral konsidere (i) aplikasyon Avoka Gwoup Règleman an pou yo detèmine frè avoka yo ak ranbousman frè ak depans yo pou litij lan epi (ii) prim ankourajman pou Reprèzantan Gwoup lan ak Plenyan ki Patisipe yo.

Avoka pou Gwoup NYLL lan ak Kolektif FLSA a pral reprèzante ou nan Odyans Final sou Ekite an, amwenske ou chwazi pou antre yon aparyasyon fizik oswa atravè pwòp avoka ou, men ou ap responsab pou peye

pwòp avoka ou si ou te chwazi yon lòt avoka apa Avoka Gwou Règleman ki pou reprezante ou. Aparisyon pwòp avoka ou an pa nesèsè pou patisipe nan Odyans Final sou Ekite an.

17. Èske mwen blije vin nan odyans lan?

Non. Avoka Gwoup NYLL lan ak Kolektif FLSA pral reprezante Gwoup NYLL lan ak Kolektif FLSA nan Odyans Final sou Ekite an, men ou lib pou vini sou pwòp depans ou. Si ou voye nenpòt objeksyon, ou pa blije patisipe nan Odyans Final sou Ekite an pou prezante objeksyon ou an bay Tribinal lan epi reponn ak nenpòt demann. Toutotan ou te depoze epi voye objeksyon ekri ou an nan lapòs alè, Tribinal lan pral konsidere l. Ou gendwa peye pwòp avoka ou tou pou patisipe, si ou swete l.

18. Èske mwen gendwa pale nan odyans lan?

Ou gendwa mande Tribinal lan pèmisyon pou pale nan Odyans Final sou Ekite an. Pou fè sa, ou dwe voye objeksyon ou an, yon avi sou entansyon ou pou parèt nan odyans lan jan sa dekri nan Paragraf 15 ki anwo an.

Jwenn Plis Enfòmasyon

19. Èske gen plis detay konsènan Règleman?

Avi sa a se sèlman yon rezime. Pou yon deklarasyon plis detaye sou dosye ki enplike yo nan pousuit lan oswa Règleman an, ou gendwa fè referans ak dokiman ki depoze yo nan dosye sa a pandan lè biwo nòmal yo nan biwo Grefye Tribinal lan, Tribinal Federal Distri Sid Nouyòk lan, Thurgood Marshall U.S. Courthouse, 40 Foley Square, New York NY 10007, File: *Thomas, et al. kont Mekruth Inc. d/b/a Amy Ruth's Restaurant, et al., Nimewo Aksyon Sivil: 19-cv-01566-AJN*. Tout Antant Règleman ak sèten zak pwosedi ki depoze nan dosye yo disponib nan www.amyruthsrestaurantsettlement.com oswa ou ka mande yo, alekri, nan men Administratè Règleman an, ki idantifye nan Paragraf 10 ki anwo an.

20. Kijan pou mwen jwenn plis enfòmasyon?

Ou ka vizite www.amyruthsrestaurantsettlement.com oswa kontakte Administratè Règleman an, ki idantifye nan Paragraf 10 ki anwo an.